

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Dina hirup kumbuh sapopoé, manusa moal leupas tina basa minangka pakakas komunikasi. Basa ogé mangrupa idéntitas anu dipimilik tur jadi pangbéda antara hiji bangsa jeung bangsa séjénna. Dina saban basa anu dipimilik ku hiji bangsa tangtu mibanda kabeungharan basa di jerona, salasihijina nyaéta ayana *ungkapan tradisional* atawa *idiom* (Masduki, 2015, kc. 296). Dina basa Sunda, istilah *idiom* dipikawanoh ku sebutan pakeman basa (Sudaryat, 2021b, kc. 148).

Pakeman basa saéstuna geus dalit sarta namper dina kahirupan jeung kagiatan komunikasi urang Sunda. Dina pakeman basa ogé kagambar paripolah masarakatna (Sudaryat, 2014b, kc. 119). Salasihiji kabeungharan pakeman basa Sunda nyaéta paribasa. Ieu hal saluyu jeung pamadegan Suhainee (2020, kc. 94) anu nétélakeun yén paribasa mangrupa tradisi lisan anu diwariskeun sacara turun-tumurun sarta raket patalina jeung komunikasi.

Sakumaha kabiasaan urang Sunda, paribasa sok digunakeun dina komunikasi pikeun nepikeun omongan ka jalma séjén anu harti jeung sipatna sarua tina omongan anu dituju. Pangna paribasa geus raket jeung kagiatan komunikasi urang Sunda katitén yén ilaharna urang Sunda tara wani ngedalkeun omongan sajalantrahna, malah sok dibalibirkeun (Sudaryat, 2016, kc. 92). Ari tujuanana taya lian pikeun nyingkahan hal-hal anu matak nyentug katarima ku jalma séjén. Sajaba ti éta, digunakeunana paribasa nyaéta pikeun nyinggetkeun omongan sangkan teu panjang teuing (Sudaryat, 2021b, kc. 154).

Paribasa mibanda struktur jeung ma'na anu maneuh ti jaman ka jaman, mibanda harti babandingan minangka siloka lakuning hirup, sarta ilahar digunakeun pikeun nyinggetkeun omongan. Contona nyaéta paribasa *hurung nangtung siang leumpang* teu bisa dilemeskeun jadi *hurung ngadeg siang mapah* atawa dirobah strukturna jadi *siang leumpang hurung nangtung*. Tangtu waé ma'na anu dikandung dina éta paribasa bakal robah sarta teu luyu jeung aturan dina pakeman basa atawa ciri paribasa. Ieu hal nuduhkeun yén struktur basa dina paribasa béda jeung kalimah-kalimah séjénna dina basa Sunda.

Nu jadi pasualan nyaéta naha paribasa masih dipikawanoh, dipipaham, sarta masih tumerap dina kahirupan urang Sunda kiwari atawa sabalikna? Dina panalungtikanana, Nugraha (2013, kc. 54) nétélakeun yén nilik kana kaayaan jaman kiwari paribasa geus beuki jauh tina kahirupan urang Sunda lantaran dianggap hésé dipikaharti jeung digunakeunana. Ari Logita (2018, kc. 65) nyebutkeun yén paribasa saenyana babari dipipaham lantaran geus raket jeung kahirupan urang Sunda lir ibarat amis jeung gula. Puguh baé henteu dipikawanohna paribasa ku masarakat kiwari bisa ngalantarankeun paribasa leungit. Katambah parobahan tatanan masarakat mangaruhan ogé paripolah masarakatna (Sutisna, 2015, kc. 2). Dumasar éta hal, panalungtikan ngeunaan paribasa téh kacida pentingna, kapan paribasa mangrupa bagian tina kabeungharan basa katut budaya Sunda anu kudu dimumulé sangkan tetep komara tur dipikawanoh ku anak incu jaga mangsa anu bakal datang.

Paribasa ogé weweg ku ajén-inajén anu luhung, ngandung gambaran pangalaman, panyaram lampah salah, atawa paréntah pikeun ngalakukeun laku lampah anu hadé (Rusyana dina Kusuma, 2022, kc. 13). Nurutkeun Sugianto (2015, kc. 52), ungkara paribasa mibanda kakuatan pikeun mangaruhan jalma séjén, méré atikan, peupeujeuh, sarta panyaram sangkan manusa teu milampah kasalahan. Sajaba ti éta, Rosidi (2005, kc. 7) nétélakéun yén dina paribasa kagambar kaayaan batin urang Sunda, sarta mibanda fungsi pikeun méré naséhat atawa panggeuing, meupeuh arguméntasi lawan, sarta ngagambarkeun situasi atawa kaayaan hiji jalma. Singgetna ma'na atawa harti anu dikandung dina paribasa taya lian pikeun méré naséhat kana laku lampah sarta meredih manusa sangkan milampah kahadéan anu dikedalkeun ngaliwatan ungkara nu mangrupa hasil tina pangalamanana.

Paribasa Sunda dipasing-pasing dumasar wangun, maksud anu dikandung, cara gelar, jeung sumber babandinganana. Disawang tina sumber babandinganana, aya sababaraha wanda paribasa Sunda, di antarana waé, paribasa miraga, paribasa misato, paribasa mituwuhan, paribasa mialam, paribasa mibarang, jeung paribasa milaku (Sudaryat, 2021b, kc. 160). Ieu panalungtikan museur kana paribasa milaku, sabab ieu wanda paribasa raket patalina jeung laku lampah manusa dina kahirupan sapopoé anu bisa dibandingkeun jeung kaayaan masarakat jaman kiwari. Jaba ti éta, dina ieu paribasa nyangkaruk unsur-unsur kabudayaan Sunda. Laku lampah jeung

kahirupan urang Sunda anu digambarkeun dina ungkara paribasa Sunda milaku dipatalikeun jeung unsur budaya Sunda, di antarana waé, tatanén, ingon-ingon, lalaukan, dadagangan, kasenian, paninunan, kamasarakatan, kabasaan, paélmuan, jeung kapercayaan (Sudaryat, 2021b, kc. 162).

Lian ti éta, dina ungkara paribasa ogé bakal katitén kumaha laku lampah jeung watek hiji jalma sarta boga udagan sangkan manusa bisa ngarobah watek anu goréng jadi hadé (Pertiwi, spk., 2013, kc. 169). Paribasa anu hirup kumbuh di masarakat Sunda sarta sumebar sacara tatalépa ti hiji jalma ka jalma séjénna mangrupa folklor lisan. Sudaryat, spk. (2013, kc. 2) nétélakeun yén basa téh sipatna ngabudaya, sabab lian ti jadi unsur budaya basa ogé mangrupa wahana pikeun mekarkeun budaya. Ieu nuduhkeun paripolah basa sarta kareueus ka lingkungan katut ajén bangsa ngaliwatan éksprési tradisional (Sudaryat & Nurhadi, 2023, kc. 118). Sajalan jeung éta hal, basa anu digunakeun pikeun ngedalkeun paribasa raket patalina jeung unsur kabudayaan sélér bangsa anu bisa diulik ku étnolinguistik. Jaba ti patali jeung budaya, paribasa ogé ngandung ma'na anu diulik ku sémantik.

Panalungtikan ngeunaan paribasa kungsi dilaksanakeun saméméhna, di antarana waé, “Babasan jeung Paribasa Sunda nu Ngandung Babagian Awak (Tilikan Semantik)” ku Femy Firmansyah (2014). Dina panalungtikanana dipaluruh babasan jeung paribasa Sunda anu ngandung babagian awak manusa anu diulik ku sémantik. Satuluyna aya panalungtikan anu judulna “Babasan jeung Paribasa Sunda “Misato” jeung “Mituwuhan” pikeun Bahan Pangajaran Pakeman Basa di SMA (Tilikan Semantik)” ku Nurul Siti Rachmah (2016) ngulik ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda misato jeung mituwuhan tina jihat sémantik sarta hasil panalungtikanana dijadikeun bahan pangajaran pakeman basa di SMA.

Jaba ti éta, aya ogé panalungtikan anu judulna “Harti Idiomatis Babasan jeung Paribasa Sunda Mibarang (Ulukan Léksikosémantik)” ku Siti Ainun Mahpulah (2022) maluruh babasan jeung paribasa Sunda anu ngandung ngaran-ngaran barang anu diulik ku léksikosémantik. Pamungkas nyaéta panalungtikan anu judulna “Babasan jeung Paribasa Sunda “Misato” (Ulukan Gramatikal, Semantik, jeung Étnolinguistik)” ku Giannisa Eka Sondary (2022) nalungtik ngeunaan babasan jeung paribasa Sunda misato anu diulik ku gramatikal, sémantik, jeung étnolinguistik.

Dina panalungtikan anu ayeuna dilaksanakeun, aya sasaruana sarta bébédaan jeung panalungtikan saméméhna. Sasaruanaana nyaéta ngulik pakeman basa Sunda anu leuwih museur kana paribasa Sunda hungkul. Lian ti éta, ulikan anu digunakeun dina ieu panalungtikan méh sarua nyaéta ngagunakeun ulikan sémantik jeung étnolinguistik. Bébédaanana nyaéta lebah paribasa Sunda anu dijadikeun objék panalungtikanana nyaéta paribasa laku lampah manusa atawa paribasa milaku anu can kungsi ditalungtik saméméhna. Sajaba ti éta, ulikan sémantik anu digunakeun dina ieu panalungtikan minangka péso pikeun maluruh harti léksikal jeung harti idiomatis, wangun, katut maksud anu dikandung dina paribasa Sunda milaku. Dumasar wangunna, dipaluruh ogé kumaha pangaruh wangun paribasa Sunda milaku kana hartina. Anapon ulikan étnolinguistik dina ieu panalungtikan museur kana étnolinguistik Sunda pikeun maluruh unsur-unsur kabudayaan Sunda dina paribasa Sunda milaku.

Dumasar kana kasang tukang di luhur, ieu panalungtikan anu judulna “Harti Idiomatis dina Paribasa Sunda “Milaku” (Ulikan Sémantik jeung Étnolinguistik)” perlu dilaksanakeun.

1.2 Rumusan Masalah

Saméméh nangtukeun rumusan masalah pikeun dipaluruh tur dipedar dina ieu panalungtikan, perlu diidéntifikasi heula masalah anu bakal jadi dadasar panalungtikan. Ieu di handap sawatara idéntifikasi masalah, di antarana waé:

- 1) masih réa masarakat anu teu mikawanoh kabeungharan pakeman basa Sunda salasihijina paribasa, hususna paribasa Sunda milaku minangka babandingan tur gambaran laku lampah urang Sunda;
- 2) paribasa Sunda milaku masih kurang kapaluruh kalawan teleb dumasar harti léksikal jeung harti idiomatis, wangun, sarta maksud anu dikandungna anu bisa diulik ku sémantik; jeung
- 3) dina paribasa Sunda milaku nyangkaruk unsur-unsur kabudayaan Sunda anu bisa dipaluruh leuwih jero ku ulikan étnolinguistik.

Dumasar kana kasang tukang jeung idéntifikasi masalah di luhur, rumusan masalah anu kudu dijawab dina ieu panalungtikan saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha harti léksikal jeung harti idiomatis dina paribasa Sunda milaku?

- 2) Kumaha pangaruh wangun paribasa Sunda milaku kana hartina?
- 3) Kumaha maksud anu dikandung dina paribasa Sunda milaku?
- 4) Unsur budaya naon waé anu kapanggih dina paribasa Sunda milaku?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho jeung ngadéskrisikeun paribasa Sunda milaku anu diulik tina jihat sémantik jeung étnolinguistik.

1.3.2 Tujuan Husus

Saluyu jeung rumusan masalah di luhur, tujuan husus dina ieu panalungtikan téh pikeun ngadéskrisikeun opat hal, nyaéta:

- 1) harti léksikal jeung harti idiomatis dina paribasa Sunda milaku;
- 2) pangaruh wangun paribasa Sunda milaku kana hartina;
- 3) maksud anu dikandung dina paribasa Sunda milaku; jeung
- 4) unsur budaya dina paribasa Sunda milaku.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan boga mangpaat pikeun nambahan jeung mekarkeun pangaweruh dina widang kabasaan, nyaéta dina tataran sémantik jeung étnolinguistik, hususna ngeunaan paribasa Sunda milaku.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan dipiharep bisa méré mangpaat pikeun panalungtik, siswa atawa mahasiswa, guru atawa dosén, jeung masarakat.

- 1) Pikeun panalungtik, ngajembaran pangaweruh dina widang kabasaan, hususna patali jeung ulikan sémantik sarta étnolinguistik dina paribasa Sunda milaku.
- 2) Pikeun siswa atawa mahasiswa, nambahan pangaweruh sarta pikeun dijadikeun référénsi dina mata kuliah anu aya patalina jeung widang kabasaan tur budaya sarta dina panalungtikan ilmiah anu rék dilaksanakeun.

- 3) Pikeun guru atawa dosén, nambahan jeung ngadeudeul pangaweruh katut dijadikeun référénsi dina kagiatan pangajaran pakeman basa hususna ngeunaan paribasa Sunda milaku.
- 4) Pikeun masarakat jeung panalungtik satuluyna, bisa dijadikeun informasi sarta référénsi nu patali jeung kabeungharan pakeman basa Sunda hususna ngeunaan paribasa Sunda milaku katut unsur-unsur kabudayaanana. Lian ti éta, dipiharep ieu panalungtikan bisa jadi lajuning laku pikeun numuwuhkeun deui paribasa Sunda dina kahirupan sapopoé.

1.5 Raraga Tulisan

Ieu di handap mangrupa raraga tulisan dina ieu panalungtikan anu ngawengku lima bab.

Bab I Bubuka, eusina ngeunaan kasang tukang panalungtikan, rumusan masalah, tujuan panalungtikan anu ngawengku tujuan umum jeung tujuan husus, mangpaat panalungtikan ngawengku mangpaat tioritis jeung mangpaat praktis, jeung raraga tulisan.

Bab II Ulikan Tiori, Panalungtikan Saméméhna, jeung Raraga Mikir, eusina ngeunaan tiori-tiori anu digunakeun patali jeung harti dina paribasa ngawengku harti léksikal jeung harti idiomatis, wangenan paribasa, wangun paribasa, wanda paribasa, étnolinguistik, panalungtikan saméméhna, jeung raraga mikir.

Bab III Méthode Panalungtikan, eusina ngeunaan désain panalungtikan, data jeung sumber data panalungtikan, instrumén panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung téhnik ngolah data.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran, eusina ngeunaan hasil jeung pedaran ngeunaan harti léksikal jeung harti idiomatis, pangaruh wangun kana harti, maksud anu dikandung, jeung unsur budaya dina paribasa Sunda milaku.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi, eusina mangrupa kacindekan jeung implikasi tina ieu panalungtikan sarta rékoméndasi pikeun panalungtik saterusna.